# Tap-Tap

*Haitian Creole – English Poetic Translation*

| | |
|---|---|
| **Mache prese, mache prese!**<br>**Leve pye'w pou pa rate'l,**<br>**Reveye'w, fò profite,**<br>**Tap-Tap la ape chofe!**<br><br>**S'ou gen pye kout pran devan;**<br>**Pi bonè se granm maten,**<br>**Pa vin di ou p'at konnen,**<br>**Moun ki save se yo k'ap mennen.**<br><br>**Pa kite tan pase,**<br>**Li lè pou anbake,**<br>**Lè a rive pou'l derape,**<br>**Li lè pou nou ale!**<br><br>**Mache prese, mache prese,**<br>**Leve pye'w pou pa rate'l,**<br>**Tap-Tap la ap derape!**<br>**Pa betize, monte!**<br>**Pa gade, pa gade,**<br>**Ba betize, monte!**<br>**Tap-Tap la san lè kite'w!**<br><br>**Leve kanpe! Leve kanpe!**<br>**Oumenm ki konn ki sa ou vle,**<br>**Ou ki vreman deside,**<br>**Fò pa rate bon okazyon**<br>**Pou f'on jefò pou la nasyon!**<br><br>**Fò pa rate bon okazyon pou f'on jefò, tande!**<br>**Leve kanpe, pa chita gade!**<br><br>**Leve! An'n ale!**<br><br>**Pa kite tan'w gaspiye,**<br>**Al aprann yon bon metye**<br>**Pou itil la sosyete,**<br>**Pou limanite progrese.**<br><br>**Se pou de pye'w toujou sou tè,**<br>**De grenn je'w toujou ouvè,**<br>**Pa bay bon rad pou pèpè.**<br>**Dròg ap fè'w rete djè-djè.**<br><br>**Leve kanpe, leve kanpe!**<br>**Mache prese, an'n ale!**<br>**Li lè pou ou anbake,**<br>**Tap-Tap la ape pouse,**<br>**L'ap pran vitès, li pap rete;**<br>**Sote ladan'l s'ou vle rive!**<br><br>**An'n ale!**<br><br>*-Louis Marie Celestin*<br>*August 2011* | *Hurry up, walk quickly!*<br>*Lift your feet up so you won't miss it,*<br>*Wake up, take advantage,*<br>*The Tap-Tap is warming up!*<br><br>*If your legs are short, get a head start;*<br>*The best time is now,*<br>*Don't say you didn't know,*<br>*Those who are wise are those who lead.*<br><br>*Don't let time pass you by,*<br>*It's time for you to get on board,*<br>*The Tap-Tap is leaving now,*<br>*It's time for us to go!*<br><br>*Hurry up, walk quickly!*<br>*Lift your feet up and don't miss it,*<br>*The Tap-Tap is taking off!*<br>*Don't fool around, get on!*<br>*Don't wait, don't stare,*<br>*Don't joke around, get on!*<br>*The Tap-Tap might just leave you!*<br><br>*Get up! Stand proud!*<br>*Those of you who know what you want,*<br>*Those of you with your minds made up,*<br>*Don't miss a great opportunity*<br>*To do something for the nation!*<br><br>*Listen, don't miss a great opportunity to do something,*<br>*Get up, stand proud, don't sit around and wait!*<br><br>*Get up! Let's go!*<br><br>*Don't waste your time,*<br>*Go learn something useful*<br>*To benefit society,*<br>*And enhance humanity.*<br><br>*Keep your feet on the ground,*<br>*Keep your eyes open,*<br>*Don't cast your pearls before swine,*<br>*Drugs will hold you back.*<br><br>*Get up! Stand proud!*<br>*Walk quickly, let's go!*<br>*It's time for you to get on board,*<br>*The Tap-Tap is on its way,*<br>*It's speeding up, it will not stop;*<br>*Jump on it if you want to make it!*<br><br>*Let's go!* |